



Pou Piblikasyon Imedya: 30/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE INISYATIV 18 MILYON DOLA POU FÒME TRAVAYÈ YO EPI SIPÒTE ANTREPRENÈ YO PANDAN AK APRE PANDEMI COVID-19 LA

*Y ap itilize sibvansyon federal pou finanse opòtinite edikatif ki fòme Nouyokè yo pou djòb ki gen demann yo, sipòte antreprenè yo, epi ede ti biznis yo rekipere*

*New York te youn nan sèlman uit eta nan peyi a ki resevwa yon sibvansyon e ki te jwenn pi gwo finansman nan tout eta yo*

*Finansman yo anonse nan kad Semèn Sansibilizasyon sou Devlopman Mendèv Eta New York la*

Govènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke, pandan [Semèn Sansibilizasyon sou Devlopman Mendèv](#) la, Eta New York te atribye 18 milyon dola sibvansyon pou finanse opòtinite edikatif k ap fòme Moun New York pou djòb ki gen demann yo, sipòte antreprenè yo, epi ede ti biznis yo rekipere nan pandemi kowonaviris la. New York te youn nan sèlman uit eta ki resevwa finansman an - ki rann li disponib atravè Lwa CARES la - epi ki te resevwa plis pami tout eta yo te bay yon sibvansyon.

"Pandemi kowonaviris la lwen pou l fini, e pandan n ap kontinye goumen kont viris mòtèl sa, nou dwe reponn tou ak ravaj ekonomik li te lakoz. Avèk plizyè milyon Ameriken ki p ap travay, nou dwe itilize tout resous ki disponib pou fòme Nouyokè yo pou yo fè konkirans - epi reyisi - nan sitiyasyon ekonomik difisil sa", **Gouvènè Andrew Cuomo te deklare**, "Mendèv nou se fondman ekonomi nou, e mwen konnen ke finansman sa ap ede diminye eka nan edikasyon ak endistri, k'ap pèmèt nou rekonstui pi byen lè nou edifye alafwa moun k ap chèche travay ak ti biznis atravè eta a."

"N ap rann siksè aksesib lè n asire ke Nouyokè yo gen fòmasyon ak konpetans yo bezwen pou chèche nouvo djòb ak opòtinite pandan n ap kontinye goumen kont pandemi sa", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare**. "Inisyativ devlopman mendèv kontini nou an ap sipòte efò pou amelyore sekirite ekonomik fanm, jèn ak lòt gwoup k ap fè fas ak baryè ki enpòtan, lè n rann plasman djòb pi enklizif epi lè n pa kite okenn Nouyokè dèyè. N ap voye yon mesaj klè bay Nouyokè yo ke y ap jwenn fòmasyon ak konpetans yo bezwen pou yo reyisi pandan n ap rekonstui pi byen, pi entelijan epi pi solid pou lavni."

Depatman Travay (Department of Labor) Eta New York ap fè patenarya ak Biwo Devlopman Mendèv la (Office of Workforce Development), Empire State Development

(ESD), dis Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Eta New York yo, State University of New York (SUNY), ak City University of New York (CUNY) pou atribye sibvansyon finansman sa nan pwogram ki sipòte rekiperasyon ekonomik kontini New York.

Pwogram edikatif yo ap konsantre sou devlopman kapasite ki nesèsè pou reyisi nan sektè kwasans k ap emèje tankou teknoloji, lojistik ak fabrikasyon avanse, epi k ap sipòte antreprenè yo. Apwòch plizyè volè New York la ap genyen ladan l kat eleman:

**1) Edikasyon pou sektè ki touche fò Vil NY:** Nan Vil New York, ki se pami kominote ki pi touche pa COVID-19 la, sistèm CUNY an ap ede nan fòmasyon rezidan ki gen kapasite dijital ki nesèsè pou sektè ki gen demann tankou analiz done, sibèsekirite, lojistik avanse / chèn apwovizyonman, maketing dijital ak kominikasyon, ak devlopman lojisyèl.

**2) "Stay Near, Go Far (Rete toupre, ale lwen)" nan SUNY:** Nan 30 kolèj kominotè atravè Eta a, SUNY ap pwofite de inisyativ "Stay Near, Go Far" li a ki egziste deja pou fòme Nouyokè yo nan sektè ki gen gwo kwasans, ki enkli teknoloji, swen sante, ak fabrikasyon avanse, epi ba yo konpetans antrepreneryal ki nesèsè pou ouvri pwòp biznis yo.

**3) Kan fòmasyon pou antreprenè:** Pandan l ap konstui sou resous ki egziste yo, Empire State Development ap akeyi yon seri atelye entansif ak kan fòmasyon pou fòme antreprenè ak pwopriyetè ti biznis yo sou kijan pou dirije pwòp biznis yo pandan - ak apre - pandemi an.

**4) Oryantasyon sektè, rezilta rejyonal:** Depatman Travay la ap soti yon Apèl Dòf konpetitif epi travay ak dis Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Eta New York yo pou idantifye pwogram ki akse sou sektè ki swa fòme moun k ap chèche travay yo pou reponn ak bezwen travay aktyèl yo oswa ki fèt pou abòde bezwen devlopman ekonomik ak mendèv alavni yo.

**Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te di,** "ljans sante piblik COVID-19 la te chanje prèske tout fasèt nan lavi nou - ki enkli plas travay yo ak mendèv la. Nou gen yon responsablite pou prepare Nouyokè yo pou yo reyisi nan pandemi an, pandan ak apre pandemi an, e nouvo opòtinite fòmasyon sa yo ap ba yo konpetans ki nesèsè pou retounen travay epi ede ti biznis yo pwospere".

**Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo nonmen pou Empire State Development lan, Eric Gertler te deklare,** "Fòmasyon mendèv te yon pati fondamantal misyon ESD a depi lontan e l ap yon pati esansyèl pou ede biznis Eta nou an rekonstui pi byen. Finansman sa pèmèt nou devlope atelye ak kan fòmasyon k ap konekte antreprenè ki gen talan konpetans ki nesèsè pou reponn ak defi nouvo anviwònman ekonomik sa, nan patenarya ak inivèsite piblik wo nivo New York yo ki sipòte nou ak fòs yo".

**Chanselye Inivèsite Eta New York la, Jim Malatras, te deklare,** "Pandemi an te ban nou defi pou idantifye epi pouswiv estrateji ki odasye, kreyatif, wo nivo pou estimile ekonomi an epi fè moun yo retounen travay. Lè n konekte moun ak konpetans ki

nesesè pou djòb ki gen demann nan pwòp kominote yo, sa enpòtan anpil pou rekonstui ekonomi an epi asire ke Nouyokè ki te tonbe anba move moman yo ka jwenn nouvo opòtinite ki enpòtan pou sipòte tèt yo ak fanmi yo. Sibvansyon Preparasyon ki Reimajine Mendèv la ap bay yon gwo relans pou efò enpòtan sa".

**Rektè CUNY an, Félix V. Matos Rodríguez te deklare:** "CUNY angaje pou ede tout Moun New York debwouye yo epi jwenn aksè ak opòtinite pèfeksyonman bon kalite ki konekte travay ki gen kwasans yo, pandan Vil ak Eta nou an ap kontinye rekipere sou plan ekonomik. Sibvansyon sa ap pèmèt CUNY sèvi plizyè milye Moun New York nan domèn ki enpòtan tankou maketing dijital, analiz done, devlopman lojisyèl ak aplikasyon".

**Manm Kongrè José Serrano te deklare,** "Nou dwe asire ke fòs travay New York la genyen konpetans ki nesèsè pou jwenn aksè nan opòtinite yo pandan n ap rekipere de COVID-19 la. Inisyativ sa ap louvri aksè pou sipò gratis oswa ki pa chè, edikasyon ak fòmasyon nan eta New York - youn nan sèlman uit eta yo te chwazi pou investisman sa. Efò apwopriye ki te rive posib gras ak Lwa CARES ki te apwouve nan Kongrè a, ap finalman ede travayè, antreprenè ak ti biznis lokal yo jwenn opòtinite, rete nan biznis, epi soti pi solid pandan ak apre COVID-19 la".

**Manm Kongrè Joseph Morelle te deklare,** "COVID-19 la te kite plis pase yon milyon Moun New York san travay, ak biznis nan chak sektè k ap goumen, ki modifiye avni ekonomi nou an jouk nan zo. Nou bezwen investisman ki odasye nan devlopman mendèv la pou rekonstui epi rekipere apre pandemi sa, e mwen fyè paske nou te ede sekirize finansman enpòtan sa atravè Lwa CARES la pou fè inisyativ sa yon reyalyte epi bay travayè ak biznis yo sipò yo bezwen an. Mwen rekonesan a Gouvènè Cuomo pou lidèchip fèm li pandan tout kriz sa ak angajman li pou asire ke New York soti san danje epi pi fò ke jamè".

Sibvansyon federal sa vini pandan Eta New York rekonèt dezyèm Semèn Sansibilizasyon sou Devlopman Mendèv chak ane li a, ki fèt 28 septanm rive 4 oktòb. Pandan semèn sa a, Eta New York fè limyè sou estrateji pou fòmasyon travay ak edikasyon siperyè ki pral ede satisfè bezwen mendèv biznis ak endistri, amelyore rezo talan rejyonal yo, amelyore fleksibilite ak kapasite adaptasyon antite mendèv lokal yo, epi ogmante opòtinite aprantisaj nan espas travay pou moun nan divès seksyon transvèsal ki rete fondman mendèv eta ak nasyon an. Efò sa yo pran plis enpòtans toujou pandan eta a ap kontinye goumen kont pandemi COVID-19 la, kontinye re-ouvèti ekonomik eta a, epi kòmanse pwosesis rekonstriksyon an pi byen.

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)